Зи гупсысэр куу усакIуэшхуэ

2-нэ нап.

Къэхъуи помидорхэр щIэфIыр

3-нэ нап.

«ЩэкI. ТхылъымпIэ. Дыжьын»

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОKI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№73 (24.667) ● 2024 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

2024

Фокiадэм и 8-м | VII зэхуэсыгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хах

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ

ХэкIыпIэхэр къагъэлъагъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ КъБР-м Наркотикым пэщIэтынымкIэ и комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, республикэм и муниципалитетхэм, хабзэхъумэ, къэпщытакIуэ-кIэлъыплъакIуэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр.

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМРЭ щIалэгъуалэмрэ наркоманием щыхъумэнымкIэ къагъэсэбэп Iэмалхэм, сабий-щIалэгъуалэ зэгуфхэныгъэхэм ираГъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хэшэныкIэ, щIэныгъэ гуэдзэн щрат Iуэхущ1апIэхэм къыщ1эзрагъэпэщ дерсхэм дегъэхьэхьныкIэ зэфIагъэкIхэм тепсэлъыхьащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ министр **Лу Азэмат**, щэнхабзэмкIэ министр **Къумахуэ Мухьэдин**, узыншагъэр хъумэнымкIэ министр **Къалэбатэ Рустам**, Аруан, Май район администрацэхэм я унафэщIхэр. Республикэм щыIэ наркологие щытыкIэр зыхуэдэм и гугъу ищIащ КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь **Залиханов Къанщобий**.

ЗэIуIущIэм щыжIалэхэм япкъ иткIэ, КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIащ щIалэгъуалэр наркоманием щыхъумэнымкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэхэр щIагъэхуэбжьэну, сабий, ныбжьыщIэ нэхъыбэ узэщIныныгъэ лэжьыгъэхэм драгъэхьэхыну. Республикэм и Iэтащхьэм къыхиугъэщащ цIыхуэхэм ялэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щыхуащIэ медицинэ Iэнатlэхэм а Iуэхум гулыитэ нэхъ хуащIыну, муниципалитетхэмрэ а унэтIныныгъэмкIэ жэуап зыхъ ведомствохэмрэ я зэдэлэжьэныгъэхэр ирагъэфIакIуэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленнэ продукцэр хабзэншагъэкIэ щызегъэжIуэным пэщIэтыныmkIэ комиссэм хэтхэм теухауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къыдигъэкIа Указ №38-УГ-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуэкlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленнэ продукцэ хабзэншагъэкIэ щызегъэжIуэным пэщIэтыныmkIэ комиссэм хэтхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленнэ продукцэр хабзэншагъэкIэ щызегъэжIуэным пэщIэтыныmkIэ комиссэм хэтхэр хэщIтэным и Iуэхуэкlэ» 2020 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къыдигъэкIа Указ №38-УГ-мкIэ къащтам мыпхуэдэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм мы къэкIуэнухэр хэгъахьэн:

Крючков В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къарал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министрыр (Комиссэм и унафэщIым и къудэзщ)

Быф Б. Хь. - Ветеринар икIи фитосанитар кIэлъыплъныныгъэмкIэ федеральнэ Iуэхущ1апIэм и Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэ зэхуаку къудамэм и унафэщIым и къудэзр

Васильченкэ Д. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щIым и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкlэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр

Екъуэлlэ А. А. - Техникэ зэгъэзэхуэжьныгъэмрэ метрологиемкIэ федеральнэ агентствэм и Ищхьэ щIыналъэ зэхуаку управленэм Ищхьэ федеральнэ округымрэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмкlэ къарал кIэлъыплъныныгъэмкIэ иIэ къудамэм и унафэщIыр.

б) Комиссэм хэгъэкIын Мэкъуауэ Т. Э., Мамбэт А. Хь., Меркулов Б. Е., Павлов В. П. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м
№44-УГ

Музыкант ныбжьыщIэхэу-оркестрхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэмкlэ гъэззэщIакIуэхэу Iэзагъышхуэ къызыкъуэзыхахэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и стипендиехэр 2024 гъэм етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Музыкант ныбжьыщIэхэу-оркестрхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэмкlэ гъэззэщIакIуэхэу Iэзагъышхуэ къызыкъуэзыхахэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и стипендиехэр гъэувыным и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыдигъэкIа Указ №971-УГ-м ипкъ иткIэ **унафэ сощI**:

Музыкант ныбжьыщIэхэу-оркестрхэм къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэхэмкlэ гъэззэщIакIуэхэу Iэзагъышхуэ къызыкъуэзыхахэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм игъуэва стипендиехэр ирагъэкIуэкIа зэпеуэм кърикIуахэм ялкъ иткIэ 2024 гъэм етын:

Асафьевэ Далилэ Роман и пхъум - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал филармоние» щэнхабзэмкIэ къарал кIэзоне Iуэхущ1апIэм и симфоние оркестрым и артисткъ;

АфIэунэ Фаридэ Хьэжмурат и пхъум - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал филармоние» щэнхабзэмкIэ къарал кIэзоне Iуэхущ1апIэм и симфоние оркестрым и артисткъ нэхъыжьым;

Веденеевэ Аминат Магомед и пхъум - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал филармоние» щэнхабзэмкIэ къарал кIэзоне Iуэхущ1апIэм и симфоние оркестрым и артисткъ;

Къэзанш Мурат Хьэсэн и къуэм - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал филармоние» щэнхабзэмкIэ къарал кIэзоне Iуэхущ1апIэм и симфоние оркестрым и артист пажэм;

КIасэ Амал Артур и пхъум - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал филармоние» щэнхабзэмкIэ къарал кIэзоне Iуэхущ1апIэм и симфоние оркестрым и артисткъ пажэм;

Михайловэ Любовь Сергей и пхъум - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал филармоние» щэнхабзэмкIэ кIэзоне Iуэхущ1апIэм и симфоние оркестрым и артисткъ нэхъыжьым;

Мусукаевэ Джамиля Мурадин и пхъум - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал филармоние» щэнхабзэмкIэ къарал кIэзоне Iуэхущ1апIэм и симфоние оркестрым и артисткъ;

Хъурей Максим Сергей и къуэм - «Темыркъан Б. Хь. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къарал филармоние» щэнхабзэмкIэ къарал кIэзоне Iуэхущ1апIэм и симфоние оркестрым и артистым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 10-м
№45-УГ

Наркотик зэзыхьэлIэхэр къыщIагъэщ

Видеоконференц жыпхъэм иту КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министр, полицэм и генерал Колокольцев Владимир и унафэм щIэту екIуэкIа, Наркотикым пэщIэтыныmkIэ къэрал комитетым и зэIущIэм.

2023 гъэм комитетым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм кърикIуахэр къапщытэжащ: IT-технологиехэр къагъэсэбэпурэ ялажьэри хэту наркощIэпхъаджагъэу къыщIагъэщхэр нэхъыбэ хъуащ, щIалэгъуалэр а щхъухьым щыхъумэнымкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэр щIагъэхуэбжьащ. Гулыитэ нэхъ хуэщIыпхъэщ наркотикхэр зэзыхьэлIэ куэд а щхъухьым зэрилыкIым. Синтетикэ наркотикхэр хабзэм къемызэгъыу зэзыгъэкIуэкIэхэм яхь жэуапыр нэхъ тKIий ящIащ Урысейм и МВД-м и жэрдэмкIэ. Апхуэдэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ щхъухьыр зэзыхьэлIэхэр къыщIэгъэщынымкIэ ирагъэкIуэкIыну кIэлъыплъныныгъэхэр къызэрызэрагъэпэщынум, къэралым щыIэ наркологие щытыкIэр къызэрапщытам кърикIуахэм икIи хэплъащ илъэс къэс УФ-м и Iэтащхьэм хуащI докладым и проектым.

Бжыгъэхэр я нэщэнэщ

Урысей Федерацэм и бгылъэхэм нэхъ лъагэ дыдэу тет «Iуащхьэмахуэ» курортым лыжэкIэ къыщыщIыбжьыхь хуну зэманыр и кIэм нэблэгъащ икIи мэкъуауэгъуэм и 17-м щегъэжьауэ абы и джабэ нэкIухэм зыри кIэрагъэхьэнукъым. Лыжэкlэ къэзыжьхьыну зыфIэфIхэм апхуэдэ Iэмал мы гъэм махуэ 208-кIэ яIащ.

КъыХЭДГЪЭЩЫНЩИ, дыззрыт илъэсым туристу Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIам и бжыгъэм процент 12-кIэ къыхэхъащ икIи цIыху 499 104-рэ ар хуащ, нэгъабэ щыIар цIыху 447 360-рэщ. Ахэр узыщыгуфIыкI, зыужьыныгъэм и нэщэнэ бжыгъэхэщ.

«Дуней псом щыцIэрыIуэ «Iуащхьэмахуэ» курортыр, 1970 гъэхэм я пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщам, иджыпсту зэхъуэкIныгъэшхуэхэр къыщокIуэкI УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту. Илъэс блэкIам дукъуэдиящ лыжэкIэ укъыщежэх хъу гъуэгуущIэхэр, километрих я кIыхьагъуу, я гугъуагъкIи ахэр зэщхьэщыкIыу. Абы щыщу километри 2,5-рэ зи кIыхьагъ гъуэгум лэжьэн иригъэжащ, мыдрей къэнжар 2026 гъэм дутIыпщынущ», - жиIащ иджыблагъэ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Назаров Сергей.

Статистикэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, мы гъэм «Iуащхьэмахуэ» курортым щыкъэщIэжьащ процент 57-р бгым лыжэкIэ къежэкъын зыфIэфIхэмрэ сноубордистхэмрэщ, процент 43-р туристхэрщ. Абы къегъэлъагъуэ лыжэкIэ къэзыжьхьэм къадэкIуэу, щIыналъэм и щIыпIэ дахэ- хэр зэзыгъэлъагъуну, я нэгу зезыгъэужьыну къакIуэхэм я бжыгъэми кIыхьэрыхэхъуэр.

«ЩIымахуэ лъэхъэнэм зы махуэм кIыриубыдау икIи иту цIыху 2400-рэ курортым щыIащ. Маззэкlэ къэбгъэлъагъуэмэ, гъатхэпэм хуэзэу цIыху 103 378-рэ Iуащхьэмахуэ лъапэ къэкIуащ. Апхуэдиз цIыхум зэуэ а щIыпIэм зэи зыщагъэпсэхуакъым нэхъапэхэм. Зы далэкIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ нэхъыбэ дыдэу цIыху щыщыIар щIышылэм и 2-рщ - ахэр цIыху 7218-рэ хъурт.

Ди джкIэ ахэр къызэрыгъэкI бжыгъэкъым, атIэ ар курортым адэкIэ зэрыгъэдгъэужьыну щыкIам дезыгъэгугъэу Iэхэугъуащ. Дауи, дэ ди плъапIэщ Iуащхьэмахуэ лъапэ илъэс хъурейкIэ зыщыбгъэпсэху хъун щыIпIэ тщIыну, щIымахуэм къакIуэ цIыхухэм я куэдагъым хуэдиз гъэмахуэми къытхуеблагъэ хъуну», - жиIащ Кавказ.РФ-м и унафэщI Юмшанов Андрей.

Апхуэдэу ми гъэ щIымахуэм «Iуащхьэмахуэ» курортым лэжьэн щыщIидзащ инструкторхэм я Iуэхущ1апIэм икIи а Iэщагъэр яIэу туристхэм ядэлэжьэну хуит зыщI дэфтэрэхр 150-м иратащ. Абы нэмыщI, бгыщхьэм къыщежьэ уэсукхъуэм пэщIэт къулыкъу езы курортым ейуэ къызэригъэпэщащ, хьэщIэхэм я машинэхэр щагъэувын щыIпIэшхуэ къызэIуихащ.

Псапащ1э Iуэхугъуэу Кавказ.РФ-м иригъэкIуэкIэхэм хыхьэу социальнэ программэ щхьэхуэхэр зэхагъэуващ зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм я ветеранхэм, дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ щхьэкIэ. ЗауэлIу 13000-мрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ мы гъэм Iэмал яIащ пщIэ щIамыту кIапсэ гъуэгуэжьэ зекIуэну.

Иужьрей илъэс 15-м щымыIауэ сноупарк лажьэу ирагъэжьэжащ икIи абы къыщажьхьащ цIыху 1500-м.

Спорт мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм ящыщу Iуащхьэмахуэ лъапэм щекIуэкIащ УФ-м бгым лыжэкIэ къежэхьныmkIэ и чемпионат, бжьыпэр убыдыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ, УФ-м и Кубокыр къэхьныным хьихьэу зэпеуэ икIи абыхэм хэтащ къэралым и щIыналъэхэм щыщу 16-м я спортсмени 115-рэ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Нобэ сыхьэт 12-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек КъБР-м и Парламентым зыхуигъэзэнущ

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм блэкIа пIалъэм ялажьэхэр къызэщIикъуэжьнущ, адэкIэ КъБР-м зэрызрагъэужьыну Iэмалхэр игъэбелджылынущ. ГъэззэщIакIуэ Iэнатlэм кьалэн щхьэхуэзэр хуигъэувынущ Урысейм и Президент Путин Владимир лъэпкъ Iуэхуэхэр зэфIэхыным теухауэ къыхилъхьахэр и лъабжьэу. Экономикэм, ухуэныгъэм, къэрал щIыналъэ зэрадэлажьэм, къэрал, муниципалынэ Iуэхущ1апIэхэм зегъэужьыным, республикэм и цIыхуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным - абыхэмэ нэгъуэщIхэми щытепсэлъыхьынущ Зэрызыхуигъаззр.

Гулыитэ лей хуищIынущ дзэ Iуэху хэхам къулыкъу щэзыхьэкIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпыкъуным.

КъБР-м и Iэтащхьэм щыIналъэм и Парламентым Зэрызыхуигъаззр эфир занщIэу къагъэлъэгъуэнущ «Россия 24 КБР», «1 КБР» телеканалхэм, КIуэкIуэ Казбек ВКонтактем щиIэ напэкIуэцIым, КъБР-м и Iэтащхьэм и администрацэм и телеграм-каналым, апхуэдэу къатынущ Урысейм и радиомрэ (101.8 FM) Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиомрэ (99,5 FM).

Ди къуэш республикэхэм

Зыплъыхьакlуэхэм папщIэ



КъЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм къыщызэрагъэпэщынущ и турист гъуэгуанэхэмрэ щIыпIэ гъэщIэгъуэнхэмрэ уахэзыгъэгъуэзэ турист портал. КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид апхуэдэ пщэрылъ щищIащ щIыналъэм и Парламентым зыщIыхуигъаззм. УнафэщIым къыхигъэщащ туризмэм зэрызмужьыр икIи республикэм дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр.***

- ИУЖЬ илъэсхэм ди деж я нэгу зыщрагъэужьыну къакIуэхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ. Нэгъабэ и закъуэ республикэм къэкIуащ турист мелуани 2-рэ мини 100-м щIигъу. Илъэс къэс процент 15 - 20-кIэ нэхъыбэ кьытхуоблагъэ. «Домбай», «Архыз» курортхэр ящыщщ щIымахуэм цIыхухэм зыщагъэпсэху нэхъ щIыпIэ цIэрыIуэхэм, - жиIащ Темрезовым.

2030 гъэм ирихьэлIэу республикэм зыплъыхьакIуэ кIуэхэм хуэдитIкIэ хэхъуэну хуагъэфащэ. Нэхъыщхьэр тыншыгъуэ псори яIэу икIи зыхуей ягъуэту зрагъэгъэпсэхунырщ. А мурадыр зрагъэхъулIэнырщ КъШР-м и Iэтащхьэм и жэрдэмри зыхуэгъэзар.

Сабий унэм щыIащ

АДЫГЕЙ. ***Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министр Мырзэ Жанбэч республикэ сабий унэм щыIащ. Мэкъуауэгъуэм и 10-м щегъэжьауэ ар щIагъуэваш езыр зи унафэщI Iуэхущ1апIэм и нэIэм. КъулыкъущIэр унэм и лэжьакIуэхэм яхуэзащ. ЗэIуIущIэм къыщIэтащ икIыпIэкIэ зэфIэхэным хуей Iуэху зыбжанэ.***

ЗИ НЭIЭ щIэтыр зэрахъуэжам зэхъуэкIныгъэфIхэр кьишэн зэрыхуейр министрым къыхигъэщхьэхукIащ. «ДяпэкIэ фи лэжьыгъэр нэхъ куууэ хуэвунэтIыпхъэщ мыбы щагIхэм адрей сабийхэм ягъуэт тыншыгъуэ псори яIэным. Аращ къалэн нэхъыщхьэ дыдэр», - яжриащ Iэщ1агъэлIхэм Мырзэм. Апхуэдэуи щIигъужащ а мурадым лъэIэсын папщIэ зэфIагъэкIын хуейхэр зэрымымащIэр.

Министрым щыгъуазэ зищIащ сабийжэм я псэукIэмрэ абыхэм зэракIэлъыплъымрэ, кабинетхэр, унэмрэ абы къеГъэщIылIа щыIпIэмрэ зригъэлъэгъуащ.

Мыхьэнэшхуэ ират

АБХЪАЗ. ***УФ-м экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Вольвач Дмитрий зи унафэщI Iэщ1агъэлI гуп Сыхъум махуищкIэ щыIащ. ЗэIуIущIэм щытепсэлъыхьащ Ардзинбэ Владислав и цIэр зезыхьэ къэрал зэхуаку аэропортыр къызэIуахыным ехьэлIа Iуэхуэхэм.***

- УРЫСЕЙМ и дежкIэ аэропортыщIэм мыхьэнэшхуэ иIэнущ: абы Сочэ аэропортымрэ «Адлер» автомобиль гъэзэгу гъунапкъэ зэпрыкIыпIэмрэ я лэжьыгъэр игъэпсынщIэнущ. НаIуэу зэрыщытщи, нобэкIэ а тIумкIэщ Урысейм и цIыхуэр Абхъазым и щIыналъэм зэрихьэфыр. Апхуэдэ дыдэу инщ Абхъазым и дежкIэ иIэну мыхьэнэри: абы и фIыгъэкIэ щIыналъэм зыщIзыгъэпсэхуну кIуэхэм я бжыгъэм хэхъуэнущ, абы къыдэкIуэуи къэралитIыр Iуэхуэкlэ нэхъ Быдзу зэпыщIа хъунущ, - жиIащ Вольвач Дмитрий.

КъулыкъущIэм и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, зи гугъу тщIы аэропортыр къыщIэзIуахыну зэманыр жыжьэжкъым. Льэныкъуэхэр тепсэлъыхьакIэщ авиакомпаниехэр зэрылэжьэнум, зекIуапщIэм я уасэхэм, нэгъуэщI Iуэхуэхэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэнэжар махуи 5-щ

2024 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр еух. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къеврэзэхьыш папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэми.

Мазн 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

тиэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 897-рэ кIэнIейкIэ 96-рэ;

фэ езым пощтым къыщыфщтэжьынумэ - сом 814-рэ кIэнIейкIэ 26-рэ.

Ди индексыр П5894

Зи гупсысэр куу усакIуэшхуэ

ЦIыхубэ лъагъунытIэ мыкIуэщIыжыр къэзылэжьа урыс усакIуэшхуэ Пушкин Александр къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 225-рэ ирокъу. Зи псалъэр нахуэ, зи бзэр кьабзэ, зи гупсысэр куу усакIуэшхуэм цIыхухэм фIыуэ щIалъэгъуам и щхьэусыгIуэщ сыт хуэдэ Іуэхугъуэ кьиІэтми, цIыкIуми инми зыхащIэну, тхьэмыщкIэми бейми зэхащIыкIыну тхэуэ зэрыщытар.

УСАКIУЭШХУЭМ дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIар жьлэм зэхащIыкIын бзэкIэ и кьалэмыпIэр игъэбзэныр, лъэпкъым кьыдалъхуа бзэм и гуащIэр къэІэтыныpт. Пушкин Александр хузэфIэкIащ и анэдэлъхубзэм кьару мыкIуэщIыж зэриІэр, сыт хуэдэ гупсысэри абыкIэ кьыпхуэІэхэну зэрыщытыр кьиГъэлъэгъуэн. Пэж дыдэуи, усакIуэм и Іэдакъэщ Іэкъэр псори зэхэпльхьэжьэ уахэпльэкъмэ, зытемыІэба Іуэхугъуэрэ курыхуэу ныкъэкIуэцIымыха гупсысэрэ щIыпэкъым жьпIэным хуэдизщ.

Пушкиным и щIэнибр мы лъэхъэнэм ар кьызыхэкIа лъэпкъым и закъуэкъым зейуэ кьалъытэр. Абы и усыгъэри и прозэри дунейпсо литературэ хуэГъуэфIгъуэм щыщ хъуащ. Кьапштэмэ, абы и усэхмрэ поэмэхэмрэ бзэ 700-м щIигъкIэ зэрадзэкIащ. Ахэр кьэрал куэдым курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт я Іуэхущ Іапхэм щадж, щыэрагъащIэ, кьыщагъхуэ. Урысбзэр зэзэгъыщIэну иужь ихьэжм я зэфIэкIыр усакIуэшхуэм и тхыгъэхэм деж щагъэунэху - ахэр кьагурыІуэмэ, зэрыпсалъэ бзэмкIэ зэрадзэкIыфмэ, урысыбзэр зрагъэщIауэ кьалъытэ.

Пушкиныр бзэ куэдкIэ кьызэрагъэпсалъэм кьыхэкIыу, и Іэдакъэщ Іэкъэм яжь щIыпIэ щэнхабзэхэмэ щIеку, лъэужь кьыщегъанэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, кьыхэбгъэщ хьунущ усакIуэм и усэ гъэпсыкIэр литературэ хабзэкэр зэзыгъэпэщ лъэпкъ куэдым щапхъэу кьыззэращтар, кьиГъэзт тхэкIэ Іэмалхэр гъуазэ зэрахуэхъуар.

Пушкин Александр и усыгъэм нобэми яІэ мыхьэнэр зэрымыжьыхьхам и щыхьэт нахуэщ дуней псом щрагъэкIуэкI зэIущIэхэр, усэрадэхэр, зэпеуэхэр, Іэнэ хъурейхэр. Урысейм хьихь щIынальэхэми а лэжьыгъэр и

гуащIагъуэ дыдэу щокIуэкI. Апхуэдэу Бэрбэн Хьэтгутlэ и щIэр зезыхьэ Къабэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым 2016 гъэ лъандэрэ щокIуэкI «Бзэ куэдкIэ псалъэ Пушкин» фIэщыгъэр зиIэ пэхуэщIэ хьэпэмэтыр. АбыкIэ жэрдэмщIакIуэ хъуар филологиеи щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, КъБКъУ-м урысбзэмрэ бзэщIэныгъэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Башиевэ Светланэщ. Япэ лъэбакъуэкэр щичым, жэрдэмыр университетым щеджэ щIалъгъуалэмкIэ зэщIа хъуэ щIтамэ, иужьрей илъэс зытIум абы дунейпсо мыхьэнэ игъэтащ.

Мы гъэм екIуэкIа зэпеуэм Урысейм, Кьэзахъстаным, Таджикистаным щыщу цIыхуи 185-рэ зэриушэлIат. Иджырей урысыбзэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Пушкиным и бзэм кьыщинэмыщIауэ, мы зэпеуэм адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, тэтэрыбзэкIэ, хъэрыпыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, франджыбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, тыркумэныбзэкIэ, кьэзахъыбзэкIэ, таджикыбзэкIэ, ермэлыбзэкIэ, белорусыбзэкIэ, нэгъуэщI бзэ куэдкIи кьыщыпсэлъат. Хьэлэмэт дыдэт зэблэкIыу утыкум кьыщыIу бзэхэм уедэIуэну, ахэр зэбгъэпщэну. Зэпеуэр зэрекIуэкIым хэлпъэну къэкIуэкэр зэпымычу зэIущащэрт: тельыджв кьаззэрыщIхъум кьыщынэмыщIауэ, бзэкъуэрадзэхэр, щыэзтехуэ кьыхэкIмэ, захуэмыщхэуу макъкIэ ягъэщIагъуэрт.

КъБКъУ-м иджыблагъэ щы-

зэхэтащ зэпеуэм кьыхэжаныкIахэмрэ щытекIуахэмрэ я гъэфIэж пшыхь. Абы кьекIуэлIащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Іэхэухэмкэ и комитетым и унафэщI Емуз Нинэрэ КъБКъУ-м и проректор Хьурей Арсенрэ.

Емуз Нинэ кьызэхуэсахэм защIхуэГъаэзэм кьыхихэщащ еджапIэм кьыхихьэха пэхуэщIэм зэрызиубгъуар гуапэ зэрыщыхьыр, бзэ зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ псалъэ щIалэрэ гъуэгуанэ зэрызэхуищIыр. «Зыгуэр вжесIэнут. ФщIэрэ Пушкиныр лъэпкъкIэ икIи адыгэщ, икIи балъкъэрщ, икIи урысщ. Абы щыхьэт тохъуэ мы зэпеуэм кьыхэкIа лэжьыгъэшхуэр. Дахагъэм укъыхуриджэу, цIыхубэм игъэлапIэ щэнхэм ущIимыпIыкIыу щытамэ, Пушкиным и усыгъэ апхуэдизыбзэкIэ зорадзэкIынкIэ Іэмал иІакъым. Дэтхэнэ лъэпкъми фIыуэ кьиІытэ псэкупсэ фIыуэ кьиІытэ щыIэщ, абыхэм япэджэжьыри аращ Пушкиныр абыхэм я бзэкэмкIэ кьыщIэпсэльар. Абы и усыгъэр дунейпсо щэнхабзэм и фIыпIэм щыщщ, щыщ, щыщ, щы

Экономикэ Политикэ

Махуэ

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Бзэ къелым и насыпщ

«Дунейм тет бзэхэм ящыщу процент 30-р щыкІуэдыжар иужьрей илъэс 60-рщ», - жеІэ «Бзэ кІуэдыжхэр» проектым елэжь Белыю Аннэ. Иджыпстукі бзэ мин 7-м нэс щызэкІуэ щы хъурейм. Абыхэм ящыщу процент 40-м кІуэдыжьыр шынагъуэр ящыхъэщытщ. ТхьэмахуитІ къэс зы бзэ хощ.

УФ-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академиеи и Бзэ щІэныгъэ институтым хэт, зи цІыху бжыгъэр куэд мыхъу льэпкъхэм я бзэхэр хъумэнымкІэ лабораторэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат Казакевич Ольгэ зэрыжиІамрэ, бзэхэр хъэм-хъэмурэщ зэрыкІуэдыжыр. Зыр адрейм нэхъ нэхъ махэ е нэхъ льэщ хъуныр къызыхэкІыр социально-экономикэ лъэныкъэкІэ щыІэ зэхъумыдэнымрэ-хэрщ. Псалъэм папщІэ, я хэку цІыкІум къыщалэжьыр мащІэмэ, цІыкухэр улахуэр щанэхъ ин, ауэ и бзэр къыщымысэбэп, бзэ нэхъ льэрызэхьэ здэщыІэм макІуэ. И бынхэри абы къыщохъу, хошыпсыхьыж.

«ІуменІэр зыбыгъ уей-уей жезыгъэІэхэм я бзэм и пщІэр нэхъ инщ, ар нэхъ ехьэжьащ сытым деж, щІэныгъэ зэрыграгъ-гъуэгри аращ, гъащІэм ущекъулІэнымрэ бейуэ ущыпсэунымрэ абы ефхащи. АпхуэдэпщІэ зимыІэ «ЗыкІум» ирипсалъэхэм я анэдэлъхубзэр сабийхэм ирагъащІэкІэ мыхьэнэ имыІэу, бзэ нэхъ льэщыр зрагъащІэмэ, нэхъыбэ зрагъэхъулІэфынуэ щхьэкІэ, насыпифІэ хъун щхьэкІэ, ар яхурикъунущ къызэралъытар. Аращи, зы бзэм и пщІэр адрейм Іэщіжа ноужь, бзэ цІыкІум ирипсалъэхэр бзэшхэм тохьэ», - жеІэ Казакевичым.

Совет Союзым щыщ льэпкъхэм къащыщІар ардыдэрэщ. 1920 - 1960 гъэхэм КъуэкІыпІэ ЖыжьэмІ, Сыбырым, Урысей Ищхъэрэм щыщ сабийхэр я адэхэм я анэдэлъхубзэр щызэмыкІуэ школ-интернатхэм ирагъ щытащ, я бзэкІэ щыпсэлъэну къыхуамыдэу. Бзэ нэхъ цІыкІур къэбгъащхьэпэмэ, укІуэцІрыхуаущ, зэманым улъэщІмэхьэу, щІэныгъэм ухуэхвІуэт къыщэральытэр. Бзэ нэхъ ин, ауэ сабийм занщІэу «бзэшхуэр» зригъащІэмэ, и гъащІэри нэхъ щІэщыгъуэ, езыри нэхъ насыпифІэ хъуну къафІэщІырт.

Австралием щыІэ Лъэпкъэуниверситетымкъэхутэныгъэ иригъэкІуэкІащ, бзэхэр мин бжыгъэкІэ зэІапщІыкІащ, ахэр щІэкІуэдыж щхьэусыгъуэр къыхахутыкІын папщІэ. КъыззэрыщІэкІамкІэ, ятІонэрэ щколым къыщІах щІэныгъэрщ, сыту жыпІэмэ, бзэ нэхъ льэрызэхьэм адрейхэр ирегъэкІуэтыпэ.

ЕтІуанэ щхьэусыгъуэр гъуэгуэхэр нэхъ зэрыкъуам тралъхьэ. Зы льэныкъэ-кІэ уеплъмэ, «зи псэр хэкІ» бзэм и щІэщыгъуагъыр къыпхуэгъэщІэрэщІэжьынущ. Ауэ езы дунейр нэхъ зэрыубла зэрыхъуам, зы псэукІэ хабзэм зэрыхэкІуэм апхуэдэ гукъыдэж къыпхуигъанэркъыпи, цІыхуэхм бзэ нэхъ къарууфІэм зрат.

Къэхутэныгъэм хэта щІэныгъэлІэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, зэрыпхъуэмэ Іэмал имыкъызІэлІэмэ, илъэс 80 хуэдиз дэкІмэ, бзэ кІуэдыжхэм я бжыгъэр 5-кІэ нэхъыбэ хъунущ, 2060 гъэм ирихьэлІэу кІуэдыжа бзэхэр щыкІэ нэхъыбэ къыщІэкІынущ, нобэ елъытауэ.

2022 - 2032 гъэхэр ООН-м І.Льэпкъыбзэхэм я дунейпсо илъэсипщІу» игъэІуащ. А зэманым къыриубзу, бзэ кІуэдыжхэр зыІуэу льэпощъхьэпохэр яхуэгъэмэщІэну щогугъ. Иджыпсту куэдым дзыхьышхуэ хуащІ интернет Іэмалкіэ бзэ зэрыпхуэзгъащІэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, адыгэбзэр хамбзэ хуэдэу ешІэрэр, Налшык дэт «Зерат» школым адыгэбзэр пІудзауэ зэрызрагъащІэ курсыщІэ иджыблагъэ утыку къыщрахьащ.

Ауэ щытыкІэм зихъэжькІи папщІэ, бзэр зэбгъащІэкІэ зэфІэкІынукъым. Сыт а бзэм ирипщІэфынырэ? Аращ бзэщІэ зэзыгъащІам и щхьэм къыиэ упщІэр. «Сыдадыгэщи, адыгэбзэ сымыщІэу хъунукъым» гупсысэм зыкъомрэ уи льэр щІигъэкІынущ, ауэ анэдэлъхубзэр къыщыщІэпэ щІэныгъэ, лэжьыгъэ къудамэхэр нэхъыбэ мыхъумэ, абыкІэ зэджэн, зэпІалъэн, зэдзІэун, и къуэкъым зэрызрагъэуІэкъым Іэмалхэм замыбгъумэ, кІэщІу жыпІэмэ, уи насыпыр абы емылъытамэ, зэбгъэщІари псынщІэу пщІэгъупщэж.

Бзэ цІыкІухэм щІэгъэкъуэн яхуэхъу программэхэр Урысейми дуней псоми щызэкІуэ. «Урысейм и бзэ цІыкІухэр» интернет-лабораторэр апхуэдэхэм я щапхъэщ. Адыгэбзэр, къэбардей-щэрджесбзэр абы къыззрыщыгъэльэгъуар «ПастхъэІ» гупым яхэтщ. Хэт пщІы теплъэхьи, ауэ интернетым гъунэ имыІэжу зыщыфІэуауэ, щІалэгъуалэр бзэм ирипсалъэирилажьэщ, къыхуэтышхуэ щымыІэ хуэдэущ адыгэбзэр абы зэриплъ, Урысейм Ищхъэрэм щыщ сабийхэр я адэхэм я анэдэлъхубзэр щызэмыкІуэ школ-интернатхэм ирату щытащ, я бзэкІэ щыпсэлъэну къыхуамыдэу. Бзэ нэхъ щІыкІыр къэбгъащхьэпэмэ, укІуэцІрыхуаущ, зэманым улъэщІмэхьэу, щІэныгъэм ухуэхвІуэт къыщэральытэр. Бзэ нэхъ щІыкІыр зрагъащІэмэ, нэхъыбэ зрагъэхъулІэфынуэ щхьэкІэ, насыпифІэ хъун щхьэкІэ, ар яхурикъунущ къызэралъытар. Аращи, зы бзэм и пщІэр адрейм Іэщіжа ноужь, бзэ цІыкІум ирипсалъэхэр бзэшхэм тохьэ», - жеІэ Казакевичым.

Совет Союзым щыщ льэпкъхэм къащыщІар ардыдэрэщ. 1920 - 1960 гъэхэм КъуэкІыпІэ ЖыжьэмІ, Сыбырым, Урысей

«ЩэкI. Тхылъымпlэ. Дыжьын»

Москва, РАН-м Востоковедениемкlэ и институтым и щэнхабзэ центрым къыщыдзэIуахащ адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта Iэмэпсымэхэм, гъуаздж хьэпшыпхэм, Iэрыкl эмылIэужьыгьуэхэм я гъэлъэгъэныгъэ. «Щэкl. Тхылъымпlэ. Дыжьын» гъэлъэгъэныгъэр гъэщlэгъуэн ящохъу адыгэ тхыдэм, гъуазджэм, щэнхабзэм дихьэххэм. Москва щагъэлъагъуэ хьэпшыпхэм яхэтщ лъэпкъым и пасэрей дунейр къызыхэщхэр, тхыдэ хьыбар зиIэхэр, ди псэукlар къэзыгъэлъагъуэхэр. Унэльащlэхэм ящыщхэр, пасэрей хьэкъущыкъуэхэр, Iэмэпсымэхэр, щыхухъу, бзыльхугъэ фащхэр, бзыльхугъэхэм зэрызагъэдахэ хьэпшыпхэр, сурэтхэр - куэд мэхъу ахэр.

АДЫГЭ лъэпкъ щэнхабзэ щlэинхэр зэхуахьэс илъэс куэд хъуауэ абы дихьэхэм. Гъэлъэгъэныгъэм хэт хьэпшыпхэм я нэхъыбэм я ныбжьыр илъэси 150-м фIокlI. Абыхэм яхэлъ пасэрей гупсысэр хьумэ хъун папщlэ хьэпшыпхэр къагъэщlэрэщlэжакъым, атlэ хуэсакъыу зэрахъэ аращ.

XVII - XIX лlэщlыгъуэхэм, XX и пэщlэдзэм адыгэм яIа декоративно-прикладной гъуазджэм щыщ хьэпшыпхэм я выставкэр къызэригъэпэщащ Тхъэзэплъ Мурат. Мыр абы и етIуанэ гъэлъэгъэныгъэ инщ. Езым зэхуихьэсахэм ящыщу абы хэтщ пасэрей сурэтхэр, тхылъхэхэр. Тхъэзэплъ Мурат и Iэщlагъэкlэ юристщ, МГИМО-р кьиухащ. Гъуазджэм и тхыдэм теухуа курс зыбжанэ иджащ, псом хуэмыдэу куэд зэригъэщlащ графикэм теухуауэ.

- Графикэ лэжьыгъэхэр зэхуэхьэс илъэс 20-м щIигъуэуэ. Хуабжьу лажьэ интернет сиIэ щыхъуам яужь сихьащ мы Iэхум. Абы щыгъуэ онлайн-сатухэм, аукцион екIуэкIхэм сыхьыхэр хъуат, пасэрей хьэпшыпхэр зыщlэлъ галереехэм интернеткlэ я хьэпшыпхэм ящыщ щащэ къэхурти, абыхэми сеплIырт. Зэгуэр хъэзбжауэ щытащ адыгэхэм ятеухуа сурэтрэ графикэ лэжьыгъэу сцIыхуэхэм я бжыгъэр: 600-м щхьэдэхырт. А бжыгъэр ящыкIи нэхъыбэж мэхъу, къапщтэмэ. Адэжlи улъыхъуэмэ, куэд урихьэлIэнущи, сэри сымыувыIэу зэхуэхьэс лэжьыгъэ гъэщlэгъуэнхэр, - жеIэ Мурат.

Тхъэзэплъыр пасэрейр къызыхэщ сурэтхэм щIыдихьэхам хъыбари иIащ зэрыжиIамкlэ. Зэгуэр Абхъазыи, и ныбжьыгъуи и дежь щыхьэщIэу, гу лъитащ блыным фIэлъ сурэтым - атэлыкъымрэ и кьанымрэ къыщыгъэлъэгъуат абы. Егупсысащ апхуэдэ сурэтхэр иджыри зэрыщыIэм, ахэр зэригъэлъагъуну хуейуи и гур пIейтей хъуат. Абдежым щыщIидзащ адыгэм и гъащIэм теухуа сурэтхэр зэхуихьэсу. Мэлъыхьэу, кьегъуэт, ЫIэрегъэхьэ. Пэжщ, ахэр къэпщэхуным мыпIыхи токIуадзэ, ауэ зэхуэхьэсакIуэм нэхъ гугъу дыдэу къиплъытэр ахэр къэпплъыхъуэнырщ.

Адыгэхэм я гъуазджэ хьэпшыпхэр зэхуэхьэсхэр щы-Iэщ Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгеими. Ахэри хэлэжьыхьащ щIалэм и етIуанэ гъэлъэгъуэныгъэм. Абы япэрейм щIэлъа хьэпшыпхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ щыхэхъуэсащ. Гъэлъэгъуэныгъэм илъэскIэ зыхуагъэхьэзыращ.

Адыгэ дунейр къызыхуэ гъэлъэгъуэныгъэ дахэр екIуэкIынущ дызэрыт мазэр иухыху.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Москва щагъэлъапIэ

Пушкиным и махуэм ирихьэлIэу Москва щагъэлъапIащ Чаковский А. Б. и цIэкIэ къызэрагъэпэща «Гипертекст» саугъэтыр зыхуагъэфэщахэр. Ар щекIуэкIащ Литераторхэм я унэм. Зэхьэзэ гуалэр иригъэкIуэкIащ «Литературная газета»-м и редактор нэхъыщхьэ Замшев Максим.

ЖЫПIэНУРАМЭ, а газетым и редакцэращ «Гипертекст» саугъэтыр 2023 гъэм къыхэзылъхьари. Абы зэрехьэ совет, урыс тхаклIэ, журналист, газетым илъэс 26-кIэ (1962 - 1988) и унафэщlу щыта Чаковский Александр и цIэр. Саугъэтыр диЛыгъащ щIэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ Президент фондым.

Саугъэтыр къыхалъхьащ урыс классикхэм я хабзэм тет, ар зи лъабжьэ иджыпрей литературэм цIыкубэм гулъытэ нэхъыбэ хурагъэщIын папщIэ. Ар къызэрагъэпэщащ литературэм, щIэнхабзэм, гъуазджэм, щIэнигъэм я лэжьакIуэхэм ящыщу иджырей гъащIэм и Iуэху зэIуплъэкIэр, ди къэралым и щэнхабзэ-тхыдэ щIинхэр хъумэн зэрыхуейр зи лэжьыгъэхэм къыщызыгъэлъагъуэхэм папщIэ.

Саугъэтым къызэщIиубыдэрт мы унэтIныгъэхэр: «Проза», «Убыгъэ», «Литературэм хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ», «ЩIалэгъуалэм псалъэ», «Урысыбзэкlэ зэрадзэкIа тхыгъэхэр», «Литературэ блогер».

КъэпщытакIуэ гупым и унафэщIу щытащ Замшев Максим. Абы хэтащ Ревякинэ Анэ, Носов Сергей, Левенталь Вадим, Крусанов Павел.

Къэпщытакlуэ гупым хэтхэмрэ саугъэтыр зи жэрдэмрэ зэрыжаIамкlэ, къэралым и щIыналъэ куэдым щыщ лэжьакIуэхэр, Калининград щыщIэдзауэ Владивосток нэс къикIыу, я зэфIэкI щеплъыжащ Iуэхум. Къэпщытакlуэ гупым щыхъуагъэхъащ УФ-м и щIыналъэ 74-м, Белоруссием, хамэ къэралхэм къикIа лэжьыгъэ 3500-м щIигъу.

Къыжьыlапхъэщ Кавказ Ищхъэрэм щыщ тхакIуэ зыбжанэ саугъэтым зэрыпхыкIар. «Слово молодым» унэтIныгъэм щытекIуащ «Пациент №132, или Живи здесь и сейчас» тхыгъэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Щауэхэ Ибрэхьимрэ Асфаррэ (Адыгэ Республикэ). «ЗэрадзэкIа тхыгъэхэр» унэтIныгъэм щытекIуащ Богатырёвэ Шахриэз къэрэшеибзэкIэ итха «Четыре стороны света» усэ тхылъыр зэрадзэкIа Батчаев Манаф (Къэрэшей-Шэрджэс). Ди республикэм и лIыкIуэу абы хэтащ езым итха «А любовь сияет волшебством» усэ тхылъыр зэрадзэкIыжа, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгуэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Беппаев МутIэлип. «Литературэ блогер» Iыхьэм и зэфIэкI щеплъыжащ «Вечерний ветер» телеграм-напэкIуэцIыр зей Битокъу Маринэ. Беппаев МутIэлипи Битокъу Марини зыхэта Iыхьэхэм саугъэтхэр къыщахьащ.

Битокъу Маринэ 2019 гъэ лъандэрэ егъэлажьэ «Вечерний ветер» телеграм напэкIуэцIыр. Ялэщlыкlэ и я мурадащ зэплъ кинохэм е зэрджэ тхылъхэм ятеухуа и гупсысэхэр абы щитхыну, аргъэщхьэкIэ абыхэм нэгъуэщI гуэрхэри дыщIигъуащ. Журналист Iэщlагъэр егъэджакIуэ лэжьыгъэмкIэ зыхъуэжа Маринэ и напэкIуэцIым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэм гу лъботэ. Зыщигъэгъупщэркъым и студентхэр и тхыгъэхэм зэреджэр. Литературэр фIыуэ зыльъагъу куэдым абы Iэ щIадзащ. Маринэ и мурадщ Кавказ Ищхъэрэм и тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ ятеухуа тхыгъэхэм нэхъыбэм гу лъаригъэтэну. Апхуэдизкъэ Ибрагимов Кант, ХанипаевИслъам, тхылъеджэхэм иджыри фIыуэ ямыщIыху нэгъуэщI тхакIуэхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гъэщта IэфIыкIэм и махуэ

Махуэм и хуабэгъуэм къэгъуэтыгъуейщ псоми фIыуэ яльагъу морожнэм пэхъун. Иджыблагъэ ягъэлъапIащ абы и махуэр.

А гъэщта Iэфыкlэм хуэдэ лIэужьыгъуэу нобэ куэд дрохьэлIэ: пломбирхэр, эскимохэр, пхъэщхьэмыщхьэпсхэм кьаэхэщыкIахэр, щербетхэр, шоколадкIэ гъэIэфIахэр. Абыхэм я дэтхэнэми иIэжщ езым и Iэфлагъэ и зэхэлъыкIэрэ икIи морожнэхэм ятеухуауэ мыхэр тщIапхъэщ.

Мы гъэщхэкIым езым и гъэхьэзырыкIэ мардэ (ГОСТ) иIэжщ икIи ахэр къыщыфщэкукIэ тет тхыгъэхэр щIэвджыкIынир зэрахъэ аращ. Псом нэхърэ нэхъыфIыр «Соответствует ГОСТ», «ГОСТ 31457 - 2012 «Мороженое молочное, сливочное, пломбир. Технические условия» жиIэу зытетхаэрщ - ар урысей морожнэм и фIагъыр къыхэзыгъэлъагъуэ мардэ пыухыкIащ, абы къыщыхьа щапхъэхэм тету а ерыскъыр гъэхьэзырын хуэмейуэ. Морожнэр щащIкIэ къагъэсэбэпыр шэ къашагъащIэщ, шатэпсщ, тхъуцIынэщ, фошыгъу щыгъуэ. Мыдрей пкъыгъуэ гъэдзэнхэри (какао, шоколад, ваниль, дэ, пхъэщхьэмыщхьэхэкIхэр) тKIийуэ, ГОСТ-м и мардэхэм тету щытын хуейщ, и мэкIи, и теплъэкIи, и фэкIи, тхъу къабзэу (нэгъуэщI дагъэхэкIхэр кьагъэсэбэпынир хабзэм къезэгъыркъым) хэлъымкIи шэч къытепхэн хуэмейуэ.

Морожнэр зыкIуэцIыпхэр къызыхуэтынщэу щIауэ, а ерыскъым халъхьар зищIысымрэ зыхуэдизымрэ, щащIа пIалъэмрэ ар щикIымрэ, щыпхъуматхэр, ар щагъэхьэзырар кьыщыгъэлъэгъуауэ щытын хуейщ.

ИщхьэмкIэ кьыщыдгъэлъэгъуа ГОСТ-м морожнэ лIэужьыгъуищ кьыззщIеубыдэ. Абыхэм я дэтхэнэми езым и зэхэлъыкIэ иIэжщ.

Пломбирым хэлъ тхъур процент 12-м кьыщыщIэдзауэ 20-м нос;

Шатэпсым къыхэщIыкIам - проценти 8-м щегъэжьауэ 11,5-м нэсыху.

Шэм къыхэщIыкIам нэхъ тхъу мащIэ дыдэщ хэлъыр - процент 0,5-м фIишыркъым.

Гъэщхэкlым елэжьхэм къахокI морожнэм халъхьэн хуейр тхъу кьабзэр къэкIыгъэ дагъэхэмкIэ зэхэхъуэкIэр, а къыщIагъэкIар нэхъыбэрэ щыIын хуэдэу. Апхуэдизкъэ сэтей къыщIыным толажьэ Кавказ Ищхъэрэм «Гъавэхэкlхэм я фIагъыр къэхутэныкIэ и Iуэхущlапlэ. Абыхэм я дэтхэнэ зэхэлъыкIэрэ, а къыщIагъэкIар нэхъыбэрэ щыIын хуэдэу. Апхуэдизкъэ сэтей къыщIыным толажьэ Кавказ Ищхъэрэм «Гъавэхэкlхэм я фIагъыр къэхутэныкIэ и Iуэхущlапlэ. Абыхэм я дэтхэнэ зэхэлъыкIэрэ, а къыщIагъэкIар нэхъыбэрэ щыIын хуэдэу. Апхуэдизкъэ сэтей къыщIыным толажьэ Кавказ Ищхъэрэм «Гъавэхэкlхэм я фIагъыр къэхутэныкIэ и Iуэхущlапlэ. Абыхэм я дэтхэнэ зэхэлъыкIэрэ, а къыщIагъэкIар нэхъыбэрэ щыIын хуэдэу. Апхуэдизкъэ сэтей къыщIыным толажьэ Кавказ Ищхъэрэм «Гъавэхэкlхэм я фIагъыр къэхутэныкIэ и Iуэхущlапlэ. Абыхэм я дэтхэнэ зэхэлъыкIэрэ, а къыщIагъэкIар нэхъыбэрэ щыIын хуэдэу. Апхуэдизкъэ сэтей къыщIыным толажьэ Кавказ Ищхъэрэм «Гъавэхэкlхэм я фIагъыр къэхутэныкIэ и Iуэхущlапlэ. Абыхэм я дэтхэнэ зэхэлъыкIэрэ, а къыщIагъэкIар нэхъыбэрэ щыIын хуэдэу. Апхуэдизкъэ сэтей къыщIыным толажьэ Кавказ Ищхъэрэм «Гъавэхэкlхэм я фIагъыр къэхутэныкIэ и Iуэхущlапlэ.

Кавказ Ищхъэрэм гъавэхэкIхэм я фIагъыр къэхутэныкIэ и Iуэхущlапlэ.

● ФщIэн папщIэ

● Футбол

ЩIамыдзэ щIыкIи къатекIуа пэлъытэт

«Форте» (Таганрог) - «Спартак-Налшык» - 2:0 (2:0). Дон Iус Ростов, «Локомотив» стадион. Мэкъуэуэгъуэм и 18-м. ЦIыхуи 175-рэ ептlащ.

Судьяхэр: Молдован, Типикин, Нередькэ (щыри Краснодар).

«Форте»: Королёв, Панченкэ, Охрименкэ, Мыслуев, Косицын (Канаев, 90), Чистяков, Карташов, Шведюк, Колмаков (Тоцкий, 60), Муромский, Руднев (Абакаров, 60).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Лелюкаев, Далиев, Молэмусэ, КIэдыкIуей, ХъэцIыкIу (Гъэзгэзокъуэ, 72), Торосян (Масленников, 80), Топурие (Жангуразов, 72), Хьэшыр, Тобоев, Котов (Блий, 46).

Топхэр дагъэкIащ: Охрименкэ, 20 (1:0), Мыслуев, 35 (2:0).

Дагъуэ хуащIащ: Чистяковым, Тобоевым, Панченкэ, Торосян, Мыслуевым.

Джэгум къыхахыащ Чистяковыр.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм хьыхь эпщыкIуплъанэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкыр» щыхьэщIащ Таганрог и «Форте» командэм дэж.

Командитым нэхъапэкIэ зэдграгъэкIуэкIа зэрыщIихым къариКIуахэм уариплъэжмэ, дызыщыгуфIыкIым абы хэплъагъуэркъым: тIэунейрэ къыхагъэщIащ, ари Налшык щыIэу, плIэм зэрытегъэкIуакъым. Дауи, апхуэдэ щытыкIэм зэхъуэкIыныгъэ гуэркэр ди щIалэхэм халъхьэн хуейт, апхуэдэу дыгугъэрт, - Iуэхур ягъэзэкIуэжын папщIэ, ауэ хьэщIапIэ ущыIэу ар зэбгъэхъуIэну гугъу зэрыхъунури наIуэт. Абы нэмыщI, езы хэгъэрейхэри тIасхъэ щыкIуэхэтэкъым.

ЗэIущIэм зэрыщIидзэу «Форте»-м къигъэлъэгъуащ тонджэгу губгъуэм хэт щытепщэм: топыр кьащтэри, ипэм къыщыщIэдзауэ икIэм нэсыху ди щIалэхэм ар гупсэхуу ирагъэIыгъакъым.

ХэгъэрейхэР къыдэбгъэрыкIуэ зэпытт, зэкIэлъхьэжьжьуи ди гъуэм къеуащ мызэ-мытIэу, ауэ япэхэм хуэдэуи КъумыкъУ Аслъэнбэч дыкъыдихьжащ. ИкIи, зэрыжаIуэ, уи закъуэ кокIи мэндэ пэлъытэтыфын сыхьэтрэ ныкъуэкIэ: топитI зыIэщIигъэкIащ. Пэжыр жыпIэми, «Форте»-м и гуащхьэхъумэхэу Охрименкэ Евгенийрэ Мыслуев Иадирэ зэман кIэщIым къриубыдэу къытхудагъэкIа топхэм ди гуащхьэтетым и щыуагъэ гуэри хэлъакъым, щIэбгъэкъуэнщэни щыIэу къыщIэкIынкъым. Уеблэмэ ди командэм щыщу абы фIэкIа зи цIэр фIыкIэ къипIуэн екIуэкIа зэIущIэм хэтакъым.

Пэжщ, Хьэшырым, Топурие, Тобоевым тонджэгу губгъуэм зыгуэркъэр къыщызэрагъэпэщIын мурадкъэ яIащ, ауэ хэгъэрейхэм ахэр псынщIэ дыдэу къызэплъадащ, Зэкlи уеплъмэ, зэIущIэм щIимыдзэ щIыкIэ ди щIалэхэм затауэ, хэкIыпIэнщэ хъуауэ кьалъытэу кьыпщыхъурт икIи апхуэдэу щытагъэнщ: сыт ящIэми, я Iуэхум зыри къикIыртэкъым, я джэгукIэми гупсысэшхуэ пхухэлъагъуэрэ-къым. Къытпэщlэтхэр зы щхьэкIэ нэхъ лъагэт дэ нэхърэ. Арагъэнщ икIи «Форте»-м турнир таблицэм ищхьэIуэкIэ хуэмурэ зыщIыщигъэбыдэр, дэ, ди пIэм диудвжьыу, икухэм дыщIэхэтыр. Апхуэдэу адэкIи екIуэкIыу щытмэ, щэч хэлъкъым ди командэм дэщIхэр гукъыдэжьнщэ зэрыхъунум.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэхэмкIэ иуха: **«Динамо-2»** - **«Биологог-Новокубанск»** - **1:2**, **«Алания-2»** - **«Дружба»** - **2:2**, **«Астрахань»** - **«Победа»** - **1:0**, **«Кубань Холдинг»** - **«Динамо-Ставрополь»** - **0:3**, **«Рубин»** - **«Нарт»** - **3:0**, **«Строитель»** - **«Легион»** - **2:1**, **«Ростов-2»** - **«Севастополь»** - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэм, мэкъуэуэгъуэм и 24-м, «Спартак-Налшыкым» и деж къыщригъэблэгъэнущ Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2»-р.

ХЬЭЩIКЪУЕЙ Олег.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм «Б» дивизионым и япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Форте»	13	8	2	3	25-14	26
2. «Ростов-2»	13	8	2	3	32-15	26
3. «Астрахань»	13	8	2	3	16-8	26
4. «Рубин»	13	8	1	4	18-11	25
5. «Легион»	13	7	2	4	21-10	23
6. «Динамо-Ставрополь»	14	6	5	3	19-15	23
7. «Севастополь»	13	6	4	3	17-9	22
8. «Строитель»	13	5	4	4	14-17	19
9. «Ангушт»	13	4	6	3	13-10	18
10. «Биолог-Новокубанск»	13	5	3	5	19-17	18
11. «Спартак-Налшык»	13	4	4	5	19-17	16
12. «Кубань Холдинг»	13	4	4	5	14-16	16
13. «Нарт»	13	4	4	5	14-22	16
14. «Победа»	14	2	6	6	16-21	12
15. «Дружба»	13	3	2	8	13-19	11
16. «Алания-2»	14	2	3	9	13-38	9
17. «Динамо-2»	13	0	2	11	8-32	2

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Дахагъэрэ гуапагъэкIэ ягъэнщI

КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым щагъэлъэгъуэ студентхэм я плакатхэр.

ВЫСТАВКЭМ къызэщIеубыдэ колледжым и 3-нэ курсым щеджэхэм я лэжьыгъэ 50-м щIигъу. Сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуащ щыIуэпсыр, щыIэкIэ-псэукIэм ехьэлIаХэр, езы еджапIэм теухуа рекламэхэр.

КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым и унафэщI Къанло Алим выставкэр къыщызэIуихым къыкигъэщащ я студентхэм я зэфIэкIыр зэпымыууэ ягъэлъэгъуэн, нэхъри зрагъэужьын зэрыхуейр.

- Плакатхэр Iэмалыфщ Iуэху зэIумыбзэкIэ гу лъебгъэтэнымкIэ. Ар зи Iэдакъэщ-IэкIым жиIэну зыхуейр зэ еплъыгъуэкIэ гурыIуэгъуэу щытыпхъэщ икIи апхуэдэ лэжьыгъэхэм дапщэщи щIэупщIэ яIащ, - жиIащ Къанлом.

Колледжым и егъэджакIуэ Макшаевз Алия графикэ дизайнер Iэщlагъэм хуеджэ студентхэр дыкъэзыухъуреихь дунейм епха Iуэхухэм дегъэзыхьэныр теуха и къалэныр кьеэхулIауэ жеIэ, плакатхэм тригъащIэу. А лэжьыгъэхэмкIэ график ныбжьыщIэхэм щIыухэр кьыхураджэ дыкъэзэыухъуреихь щIыуэпсыр яхьумэну, дунейр нэхъри дахагъэрэ гуапагъэкIэ ягъэнщIыну!

Студентхэм я лэжьыгъэхэр кьеэхулIауэ къилъытащ икIи абыхэм я гъэлъэгъуэныгъэмкIэ ехьэхуэхъуащ колледжым графикэ дизайнымкIэ и къудамэм щезыгъаджэ, сурэтыщI Тураев Рустам.

БЖЬЫХЬЭЛI Роза.

ГъэпцIакIуэхэм защыфхъумэ!

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэнщагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм, къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ Шэджэм къалэм щыпсэу, илъэс 35-рэ хуэ цIыхубзымрэ илъэс 29-рэ зи ныбжь налшыкдэсымрэ, апхуэдэуи зэкIэ хэтми ямыубзыхуахэр зыхьхьэ гупым ялэжь щIэпхъаджагъэр. Ахэр финанс Iуэхухэр ирагъэкIуэкI хуэдэурэ, нагъуэщIым и мылъку гъэпцIагъэкIэ зыкIэщIаупщIауэ ягъэкъуаншэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм щэч зыхуащIхэм ятеухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ.

Зэраубзыхуамкlэ, Налшык къалэм щыпсэум щэч зыхуащIхэм яритащ («Лада 212140», «Тойота Камри» и автомашинитIыр, сом мелуани 4,4-рэ и уасэр, мессенджерхэм я зым щагъэкIуэкI лотерее джэгум хэтын папщIэ.

Ар гъэпцIакIуэхэм хэхъуэшхуэкIэ кьагъэгугъащ, мазэ дэкIмэ екIуэкIын хуей а Iуэхум къриКIуэу. Арщхьэкlэ, лей зытехьам и автомашинэхэр нэхъ пуду ящэри, ахъшэр ящэри зэрыхуейуэ кьагъэсэбэпащ.

ЗэкIэ къызэрэлъытэмкIэ, лей зытехьахэр щIыху 20 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ, хэщIыныгъэр сом мелуан 26-м щхьэдэхынкIэ мэхъу.

Абыхэм я лей зытехьахэм IэмалитIыр зыхуагъэзэн хуейщ. КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм: Налшык къалэ, Кулиевым и проспект, 10 «Б».

Зыгъэхьэзырар
БАХЪЪСЭН Азэмэтщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ширдий Маринэ (*унафэщI-редактор*), **ЖЬэкIэмыхъу Маринэ** (*унафэщI-редактор*), **Къаншокъуэ Эллэ** (*жэуап зыхь секретарь*), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ щIэщIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; къэбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Iэнатlхэм ядэлэжьыныгъэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Къыдэзыгъэкlэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.546
Заказыр №1280

12+

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехьахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дзIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.